


Ale nan Kan ak Prezidan an


(Istwa naratif ki pa fiksyon sa a rakonte yon bagay ki rive tout bon nan lavi a.)



Essential question: *Ki jan eksperyans ou fè ak Lanati kapab chanje fason ou panse sou li?*

An 1903, Prezidan Theodore Roosevelt fè yon vwayaj pou l vizite Yosemite avek yon **natiralis** ki rele John Muir. Prezidan an te toujou renmen li liv yo ekri sou Lanati. Apre l te fin li liv nèf John Muir nan, «Our National Parks,» li dekouvri kouman konesans Muir **endike** kareman li se yon moun ki gen yon bon opinion sou prezèvasyon tè a. Roosevelt pat ka tann pou l te diskite ak yon ekspè konsa sou lanati epi vizite Yosemite.

Prezidan an chape kò l anba politik pou li pase yon tan nan plizyè kote nan pak la. Tou dabò, li ekri Muir yon lèt pou l di li lè y ap rankontre nan pak la pou l gide l epi pou yo ka diskite san okenn ajan sekrè ak diyitè pa **eskòte** yo. Li vle wè ak de zye l gwo jeyan pyebwa sekoya Kalifòni yo ki pi gran nan lemonn. Sèlman lide pou li pase kat jou antye nan Yosemite la ba li **vètij** tèlman li te kontan.



Pyebwa Sekoya nan Sierra Nevada

Aprè Prezidan Roosevelt rive nan pye mòn Sierra Nevada a ki nan forè Yosemite la, li pran foto ak anpil moun enpòtan tankou George Pardee, gouvènè eta Kalifòni an. Li souri pou jounalis yo epi li di yo: «Mwen pare pou m al vizite forè Yosemite la. Mwen pral kanpe sou politik pou kat jou.» Li leve pwèn li pou l montre **enpòtans** li bay sa. Anpil nan yo gwonde pou yo montre dezakò yo, men yo pat ka fè anyen pou sa. Yo tout, yo salye Prezidan an pandan jounalis ak diyitè yo t ap monte nan **charyo** yo. Pandan Prezidan an ak Muir ap pase sou chwal yo anba gwo pyebwa sekoya yo, Prezidan an tande yon ekirèy kap **balbitye** pou kont li ak yon zwazo kap chante. Prezidan an soufle tou pou l eseye atire l. Yon pijon k ap desann sou yon branch jete kèk **krabinay bwa** atè a. Roosevelt rale ti kanè pòch li te pote a, epi li ekri, « Forè Yosemite, 1903- pijon.»



Prezidan Roosevelt ansanm ak diyètè yo.

Roosevelt di yo pou yo fè yon **boukan dife**. Apre sa, l al dòmi. Lè li reveye, li tande yon bèl ti mizik yon èmit, zwazo ki renmen ale nan flè migè yo, ap chante. Se te zwazo prefere li a sa. Prezidan an santi l ap mouri ak grangou. Li pran yon bon dejnen ki genyen vyann kochon ak sis ze ladan l. Muir eksplike Prezidan an kouman yon sèl ti grenn pi piti pase yon flokon lanèj te pouse anviwon de mil ane. Grenn yo fè pyebwa sekoya sa yo ki pa leve nan okenn lòt kote nan lemonn, eksepte nan pan Lwès mòn Sierra Nevada a sèlman. Sa te fè je Prezidan laji ak sipriz.

Kesyon: *Poukisa Prezidan Roosevelt te sezi?*

Pita, Muir montre Prezidan an yon pyebwa sekoya ki gen swasannkenzan. Prezidan an sezi wè sa. Muir fè l konnen kouman koupèdbwa yo kontinye ap siye bwa sa yo pou yo fè lantouray. Alò Roosevelt sekwe tèt pou l di li pa posib pou yo kite moun sa yo ap koupe bwa ki grandi si lontan. Sa kapab anpeche **jenerasyon** kap vini yo wè yon sekoya jeyan. Pandan l ap bwè yon tas kafe cho, byen fò, li panse pou l mete yon tan apa pou li chita pale ak Muir sou fason pou yo prezève forè yo pi byen.

5^{vèm}-Ane

Kesyon: *Pouki sa Prezidan Roosevelt te vle chita pale ak John Muir?*



Rivyè Ble Gri nan vale a

Yo te gen anpil tan y ap mache avan yo rive Glacier Point, yon kote ki prezante yon aspè mayifik. Gwo van toubiyon te vle rale chapo Prezidan Roosevelt la nan tèt li pandan li menm ak Muir t ap soti sou Overhanging Rock la ki nan pwent Glacier Point la. Vale Yosemite la etann li sou twa mil pye anba yo. Yon rivyè ble gri an koub t ap koule anndan vale vèt sa a. Muir pwofite montre Prezidan an Chitdlo Anwo ak Chitdlo Anba yo ansanm ak vapè dlo ki leve soti anba ak figi **reyèl** Half Dome nan. Roosevelt pa t twouve yon mo pou l di lè li te fin wè kalite chanjman sa a. Anvan yo bat je yo, anpil kamera te brake sou yo. Prezidan an te fache. L ale dwat sou cheval li epi li di ajan sekre l yo: «Fè yo ale lwen mwen.» Solèy la te gen tan ap kouche. Prezidan ak Muir chwazi yon kote pou yo mete tant la yon lòt fwa ankò. Roosevelt te pran yon rach epi li ensiste pou se li ki komanse dife a.



John Muir eksplike Prezidan an tou, enpòtans ki genyen nan prezèvasyon kote espesyal sa yo. Li pale Prezidan an sou nesosite pou gouvènman an pwoteje tout kote ki gen rakbwa nan mòn yo. Li mande Prezidan an pou l mete kèk teren apa tankou kote ki gen Gwo Pyebwa Mariposa Grove yo ak Vale Yosemite la. Se pou premye fwa Prezidan an rankontre yon moun ki pale konsa sou enpòtans lanati an. Yon ti bwi nan yon pyebwa fè Prezidan an ri. Li gade anlè kote bri a te fèt la, epi li rale kanè l pou l ekri mo “chwèt” la. Lè Prezidan an leve nan maten, li te kouvri ak senk oswa sis.pye lanèj. Prezidan an te renmen sa. Li di: «Mwen pa ta kab rate sa pou okenn lòt bagay! Mr. Muir ak mwen te dòmi yè swa nan yon tanpèt lanèj. Se te pi gran jou nan lavi mwen!» Prezidan an di ankò: «Kounye a nou pral monte kan nou tou pre Bridalveil Fall.» Li monte cheval li, epi li pati. Kon solèy la kouche, lè a vin frèt anpil. Bridesoukou, yon milèt baye, yon ti moso branch

bwa kase. Lapoula, Charlie sispèk gen moun k ap suiv yo. Li fann nan raje a epi l al di moun admiratè sa yo ki t ap tann tou pre preri a pou yo ale paske Prezidan an fatige. Lalin nan vin parèt, Roosevelt retire soulye li epi li touse pye pantalon l. Pandan l ap mache nan kouran dlo glase rivyè a, li tonbe ap rele Muir! Muir! Tèlman Prezidan an te kontan, li aji tankou yon timoun piti.

Eksperyans Prezidan an fè ansanm ak konvèsasyon li fè avèk John Muir, ankouraje l pran aksyon pou prezèvasyon pak la. Yo toulede, yo fè yon bon ti tan ap pale sou gaspiyay resous natirèl yo. Men, pa respè, li plis koute konsèy moun ki abitye ak mòn yo ap bay sou enpòtans pou prezève tè nan tout peyi a. Pandan y ap pale kon sa, pi wo yo, El Capitan klere nan limyè lannuit la, Rivyè Merced la ap koule Dousman, epi ou tande kout loraj nan Bridalveil. Prezidan an al dòmi pou twazyèm nuit li a. Anvan li kite nan demen, Prezidan Roosevelt souke men natiralis Muir anpil. Li di li: «Se isi a mwen te pase pi bèl moman nan lavi m! Orevwa John! Vin wè mwen Wachintonn! Mwen pwomèt ou pou m reveye moun nan Kongrè yo.» Li deja konnen li pral fè forè a dibyen depi li retounen nan Wachintonn.

Li ankò pou reponn.

Kesyon: *Ki jan lide John Muir yo afekte Prezidan an?*